



Pou Piblikasyon Imedya: 03/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON GWROUP KONSILTATIF TRANSPÒ  
METWOPOLITEN DIRAB**

***Kathryn S. Wylde ak Rhonda Herman Pral Sèvi antanke Nomine Gouvènè a sou  
Nouvo Panèl Ki Pral Fè Rekòmandasyon sou Fason pou Amelyore ak  
Acheminman Fon Piblik***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te di jodia li te nome Kathryn S. Wylde ak Rhonda Herman pou sèvi nan Gwoup Konsiltatif Transpò Metwopoliten Dirab (Metropolitan Transportation Sustainability Advisory Group), yon panèl ki te etabli pou Bidjè Eta New York pandan ane 2018-19 la epi ki gen travay fè rekòmandasyon sou estrateji pou amelyore ak acheminman fon piblik nan rejyon Vil New York.

**Kathryn S. Wylde**

Kathryn Wylde se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yon Partnership for New York City, ki se òganizasyon k ap dirije biznis vil la. Avan li te pran latèt prezidans Partnership sa a an 2001, Wylde te Direktè Egzekitif Jeneral fondatè alafwa Partnership pou lojman ak afilye fon envestisman.

Li te sèvi nan yon kantite komite ak gwoup konsiltatif, tankou NYC Economic Development Corporation, Fund for Public Schools, Manhattan Institute, Sponsors for Educational Opportunity ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Vil New York (NYC Regional Economic Development Council) Gouvènè a ak panèl Fix NYC li a.

Avan li te antre nan Partnership sa a, Wylde te travay nan pozisyon kad, nan ansyen Anchor Savings Bank epi Lutheran Medical Center nan Sunset Park, Brooklyn. Wylde se yon gradye nan pwomosyon 68 St. Olaf College, epi li rezide nan Brooklyn, New York.

**Rhonda Herman**

Madan Herman te sèvi nan Komite Banlyeza Chemen Fè Metro-North (Metro-North Railroad Commuter Council) depi 2008.

Li te travay nan Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service) (1982- Aktyèlman) epi li te okipe plizyè pòs administratif nan Sistèm Enfòmasyon, Ti Biznis Endepandan ak Divizyon Salè ak Envestisman. Li te yon lidè Twoup Eskout Fi pandan 12 ane ansanm ak Ko-prezidan Asosyasyon Paran Pwofesè (Parent-Teacher Association, PTA) Lekòl

Segondè White Plains. L ap sèvi kounyea antanke Ko-Prezidan ak Ene PTA nan Pwogram Bous Rekonesans lan (Senior PTA Scholarship Recognition Program).

Madan Herman gen yon diplòm lisans nan Jesyon Biznis nan Bernard Baruch College City University.

Madan Herman ap viv nan White Plains epi li fè ale-retou nan Harlem Line pandan li nan White Plains lan.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)